



Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE CHWAZI SIS NOUVO PATNÈ NAN DEFI EMPIRE BUILDING LAN POU FÈ AVANSE BILDING KI ADAPTE POU KLIMA NAN ETA NEW YORK.**

***Ekip byen imobilye yo te angaje pou dekarbonize chofaj ak dlo cho sanitè nan bilding wo yo a ki egziste deja***

***Yo te chwazi tou administratè pwogram lan pou pri teknoloji Empire***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sis nouvo patnè imobilye pral rejwenn Defi Empire Building (Empire Building Challenge) 50 milyon dola nan Eta a pou ede fè avanse yon pak imobilye ki adapte pou klima nan Eta New York. Patenarya yo, ki gen ladan ekip byen imobilye ki fòme ak pi bon pwopriyetè bilding, enjenyè, ak founisè solisyon, pral devlope apwòch ki trè ka repete pou diminye emisyon kabòn nan sistèm chofaj ak dlo cho pou 5.6 milyon pye kare bilding wo ki deja egziste - ki gen ladan 316 inite lojman abòdab - k ap avanse nan defi Empire Building lan. Yo te chwazi Clean Fight la kòm administratè pwogram pou Pri Teknoloji Empire (Empire Technology Prize), yon pwogram pri ki devlope pou fè avanse teknoloji bilding nan bilding komèsyal ak pou plizyè fanmi nan Eta New York yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

"New York ap travèse yon chemen pou jwenn fason inovatè pou redui emisyon gaz a efè sè nan bilding yo, epi atravè patenarya kontinyèl avèk ekip byen imobilye ki gen eksperyans tankou sa yo te anonse jodi a, n ap bay egzanp nan lavi reyèl sou fason sa ka fèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite nouvo patnè Defi Empire Building nou yo epi mwen konnen vizyon yo ak devouman yo pou dekarbonize bilding nou yo pral mete nou pi pre toujou pou nou rive genyen de milyon kay ki adapte pou klima yo disi 2030."

Kòm rezilta yon [solisitasyon](#) konpetitif ki te pibliye nan kòmansman ane sa a atravè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, yo te chwazi òganizasyon ki anba yo ak

patnè yo pou fè avanse uit bilding demonstrasyon nan pwogram EBC a. Avèk anons sa a, EBC kounye a gen patenarya avèk 16 lidè imobilye, ki gen ladan sila yo [te anonse](#) ane pase a, ki kontwole plis pase 228 milyon pye kare byen imobilye komèsyal ak pou plizyè fanmi nan Eta New York, ki gen ladan plis pase 75.000 inite lojman. Lidè sa yo te pran angajman piblik pou dekarbonize plis pase 125 milyon pye kare, ki gen ladan prèske 1,500 inite lojman abòdab.

### **Nouvo patnè yo te anonse jodi a gen ladan:**

#### **Amalgamated Housing Corporation**

- Ekip la gen ladan: EN-POWER GROUP, Egg Geo
- Bilding yo: Tower I & Tower II, 3965 - 3975 Sedgwick Avenue, Bronx NY 10463  
-De pwopriyete lojman abòdab pou plizyè fanmi, 316 inite lojman abòdab, 20 etaj, 425,070 pye kare

#### **Boston Properties**

- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum, & Bolles Consulting Engineers, LLP, Norges Bank Investment Management
- Bilding: 601 Lexington Ave, New York, NY 10022  
-Yon bilding biwo komèsyal ki wo, 59 etaj, 1.79 milyon pye kare

#### **Brookfield Properties**

- Ekip la gen ladan: Cosentini Associates
- Bilding: 660 5th Avenue, New York, NY 10022  
-Yon bilding biwo komèsyal ki wo, 41 etaj, ki bay yon total 1.5 milyon pye kare

#### **Equity Residential**

- Ekip la gen ladan: Goldman Copeland Consulting Engineers, Jones Lang LaSalle, RUHL
- Bilding yo: 180 Montague, Brooklyn, NY 11201, ak 777 Sixth Ave, New York, NY 10001  
-De bilding pou plizyè fanmi, 31 ak 32 etaj, ki bay yon total 467,762 pye kare

#### **LeFrak Organization**

- Ekip la gen ladan: Steven Winter Associates, Inc., Ryan Soames Engineering
- Bilding: 59-17 Junction Boulevard, Queens NY 11373  
-Yon bilding komèsyal Klas B, 20 etaj, ki bay yon total 395,745 pye kare

#### **Tishman Speyer**

- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum & Bolles Consulting Engineers, LLP, Brightcore, Watt Time

- Blding: 520 Madison Avenue, New York, NY 10022  
-Yon bilding biwo komèsyal ki wo, 43 etaj, ki bay yon total 1.1 milyon pye kare

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, te deklare,** "Nouvo patnè Defi Empire Building yo se yon endikasyon klè ke endistri byen imobilye New York la ap mobilize pou l jwenn bon jan kalite solisyon avèk kabòn ki ba pou bilding ki wo yo pou diminye emisyon gaz a efè sè yo. Divèsite bilding ki wo ki egziste deja yo te chwazi yo, soti nan yon koperativ lojman abòdab nan Bronx rive nan yon bilding biwo komèsyal 59 etaj nan Manhattan, mete aksan sou gwosè pak imobilye ke nou bezwen adrese pou fè elektrifikasyon bilding tounen yon reyalite pou plis Nouyòkè".

[Nouvo patnè EBC](#) sa yo pral deplwaye solisyon inovatè ki konsantre sou dekarbonize sistèm chofaj ak dlo cho nan gwo bilding pou plizyè fanmi ak komèsyal yo atravè solisyon teknik tankou rekiperasyon ak pataj chalè, depo tèmik, ponp a chalè avanse, idwonik tanperati ki ba, ak entegrasyon sistèm avanse. Patnè yo pral elijib pou resevwa 100,000 dola pou planifikasyon dekarbonizasyon ak jiska 3,000,000 dola pou sipòte pwojè demonstrasyon modènizasyon fèb emisyon kabòn yo atravè yon demann konpetitif yo prevwa nan fen ane sa a. Anplis de sa, etid ka ak pi bon pratik dezyèm kowòt la pral pibliye an 2023 atravè [Empire Building Playbook](#).

Defi Empire Building lan, ki te lanse an 2020, se yon patenarya piblik-prive ant NYSERDA ak pwomotè byen imobilye prensipal yo, kabinè enjenyè ak founisè solisyon yo pou renovasyon pyonye ki adapte pou klima ki kapab repwodui atravè plis pase 3 milya pye kare bilding milti-famlyal, komèsyal ak enstitisyonèl wo ki egziste nan Eta New York. Defi a vize ankouraje aksyon klimatik pwopriyete pòtfèy byen imobilye yo; prezante meyè estrateji ki komèsyalman akseptab pou dekarbonize bilding ki egziste yo; epi ankouraje devlopman pwodui ak inovasyon nan chèn apwovizyonman global la.

Yo te anonse jodi a tou ke yo te chwazi The Clean Fight yon fason konpetitif kòm administratè pwogram Pri Teknoloji Empire, yon pwogram pri 10 milyon dola ki devlope pou konsantre sou fè avanse teknoloji bilding ki pral ogmante deplwaman ak adopsyon modènizasyon avèk emisyon kabòn ki ba nan gwo bilding komèsyal ak pou plizyè fanmi yo nan Eta New York. Antanke administratè pwogram nan, The Clean Fight responsab pou rasanble patnè estratejik yo, rekrute ak chwazi founisè solisyon yo, bay fòmasyon ak sipò pou patisipan nan pwogram lan yo chwazi yo, ranmase lajan nan men patnè antrepriz yo, ak bay rekonpans.

The Clean Fight se yon pwogram akseleratè ki te opere avèk siksè pwogram akseleratè ki konsantre sou bilding, ki baze sou kowòt, nan etap kwasans nan New York depi 2020, sa ki fè yo tounen yon patnè ideyal pou ko-devlope Pri Teknoloji Empire a ansanm avèk ekip Inovasyon ak Dekarbonizasyon Blding NYSERDA yo.

**Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap pran mezi reyèl pou diminye emisyon

kabòn nan anviwònman bati nou an, ki gen ladan devlopman lojman abòdab, yon fason pou atenn objektif klimatik agresif New York yo. Defi Empire Building lan pral pwofite patenarya avèk ekip byen imobilye pou dekarbonize gwo bilding rezidansyèl wo yo epi ede kreye yon New York ki pi pwòp ak pi vèt pou lavni. Felisitasyon pou Amalgamated Housing Corporation paske yo te chwazi yo pou defi enpòtan sa a ki pral etabli yon modèl evolutif pou diminye emisyon atravè pòtfevè lojman eta a".

**Ed Yaker, Trezorye Konsèy, Amalgamated Housing Corporation, te deklare,** "Depi nan kòmansman an, fondatè ak pyonye Amalgamated yo te demontre ke lojman koperativ avèk ekite limite ofri yon fason ekselan pou ofri pwopriyete abòdab bay fanmi travayè ki gen mwayen modere. Jodi a nou fyè pou nou fè patenarya avèk NYSERDA nan demontre ke bilding rezidansyèl ki deja egziste yo ka modènize avèk apwòch enèji inovatè pou diminye konsomasyon enèji, diminye emisyon gaz a efè sè, diminye depans yo, ak amelyore konfò pou rezidan lojman abòdab ak koperativ yo".

**Ben Myers, Vis Prezidan, Dirabilite, Boston Properties, Inc. (BXP), te deklare,** "Nan BXP, nou angaje nan operasyon netralite kabòn ak avansman aksyon klimatik sou anviwònman ki konstwi, aksyon klimatik se aksyon kolektif epi ansanm ak patnè nou yo nan Norges Bank Investment Management, nou kontan pou nou pouswiv inisyativ dekarbonizasyon sa a nan 601 Lexington Avenue".

**Michael Daschle, Vis Prezidan Prensipal, Dirabilite, Brookfield Properties, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou demontre angajman kontinyèl nou pou atenn zewo kabòn lè nou fè patenarya ak pwofesyonèl lidè yo nan endistri a ak NYSERDA pou idantifye solisyon evolutif ak efikas pou mennen nan rediksyon enpòtan emisyon kabòn nan pwopriyete nou yo. Nou wè gwo opòtinite nan kolabore nan kalite inisyativ sa yo pou sipòte tranzisyon reyisi nan yon ekonomi nèt zewo".

**Mark J. Parrell, Prezidan ak Direktè Egzekitif, Equity Residential, te deklare,** "Patisipe nan Defi Empire State Building lan se yon opòtinite pou Equity Residential ede avanse devlopman teknoloji ki nesèsè pou dekarbonize bilding yo epi atenn objektif rediksyon kabòn agresif Konpayi nou an ak Vil New York. Nou pa ka tann pou nou kolabore avèk NYSERDA pou inovè epi fikse nouvo estanda konsepsyon pou efikasite enèji ak pou elektrifikasyon pwopriyete apatman ki egziste deja yo".

**Christopher D. Colasanti, PE, LEED AP, CEA, Patnè Asosye, JB&B, te deklare,** "Defi Empire Building lan se yon angajman pou reyalize netralite kabòn ki fè avanse yon vizyon lokal avèk yon misyon mondyal pou yon anviwònman ki pi an sante".

**Marylou Berk, Dirèktè Jeneral Prensipal, Byen Imobilye Komèsyal, LeFrak Organization, te deklare,** "LeFrak fyè pou l patisipe nan Defi Empire Building la an patenarya avèk NYSERDA ak lòt lidè endistri byen imobilye yo. Opòtinite sa a pral pèmèt nou montre ke dekarbonizasyon bilding komèsyal ki wo nan Eta New York se yon bagay posib epi ki ka repwodui, sa ki se yon etap enpòtan pou atenn objektif klimatik eta a".

**Jonathan Flaherty, Direktè Jeneral, Responsab Global Dirabilite ak Teknoloji Bilding, Tishman Speyer, te deklare,** "Tishman Speyer devwe nan sante ak byennèt kliyan nou yo ak pou minimize enpak anviwònmantral nou atravè kominote n ap sèvi yo. Nou rekonesan anvè Eta New York ak NYSERDA pou gwo patenarya yo nan konbat chanjman klimatik. Leson nou te aprann atravè inisyativ sa a pral ede eklere efò aktyèl nou yo pou atenn netralite zewo atravè tout pòtfey global 87 milyon pye kare a".

**Kate Frucher, Direktè Jeneral, The Clean Fight, te deklare,** "The Clean Fight onore dèske yo te chwazi li pou administre Pri Teknoloji Empire a. Pri sa a se kalite aksyon odasye ki enpòtan si nou vle rezoud youn nan defi klimatik New York ki pi difisil. Nou eksite pou nou kreye pri sa a avèk NYSERDA pou jwenn ak ogmante teknoloji inovatè nan Etazini ak toupatou nan monn lan ki kapab atake pwoblèm difisil ki se dekarbonizasyon gwo bilding yo, byen vit ak yon fason ekitab".

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###